



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU SIPÒTE ENDISTRI BWASON  
ATIZANAL NEW YORK LAN**

***Gouvènè a Siyen Dokiman Lwa pou Elaji Kredi Enpo pou Fèmme yo epi Ankouraje  
Kwasans Pwodiksyon Oublon yo***

***Li Siyen Dokiman Lwa Adisyonèl pou Elaji Opòtinite Biznis yo pou Distiyri New  
York yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen de dokiman lwa jodi a pou sipòte pwodiksyon oublon ke yo te kiltive nan New York yo epi elaji opòtinite biznis yo pou distiyri fèm yo atravè eta a.

“Efò administrasyon an ap fè yo pou retire règleman yo epi redwi montan depans pou endistri bwason atizanal New York lan kontinye alimante kwasans brasri, distiyri, menm jan ak sidri ak vinòb yo, ki nan chak kwen nan eta sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè li bay nouvèl opòtinite pou ogmante pwodiksyon mwason ak bwason atizanal yo, nouvo pwojè lwa sa a pral ede divèsifye pi plis pwodwi ke yo te fè nan New York yo, sipòte fèm nou yo, favorize kwasans travay yo, epi kontinye devlope endistri touristik ki jenere 100 milya dola epi ki ap fleri nan Eta a.”

“Endistri agrikòl la vital pou ekonomi eta nou an, epi pwodiktè bwason atizanal lokal yo ap bay kèk nan pi bon pwodwi yo pou kliyan yo ki nan New York ak lòt kote yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap kontinye sipòte epi devlope endistri a ak asistans pou fèmme yo ka elaji pwodiksyon oublon yo, epi bay plis opòtinite pou kwasans pou pwodiktè bwason atizanal yo atravè eta a.”

**Elaji Pwodiksyon Oublon yo**

Sou lwa aktyèl lan, kèk jaden fwitye ak vinòb yo kalifye pou yon egzansyon fiskal lokatif reyèl san yo pa reponn a yon kondisyon lavant 10,000 dola akòz reyalyte ki montre ke rekòt sa yo pran plis tan ke laplipa lòt yo pou ka atenn tout potansyèl yo. Similè a rekòt ke yo te pwodwi nan jaden fwitye ak vinòb yo, oublon yo tou pa atenn tout pwodiksyon yo jiska plizyè ane apre ke yo te plante yo.

Dokiman lwa sa (A.10097/S.8841), pral bay egzansyon de kondisyon lavant brit anyèl lan epi ankouraje fèmme yo plante nouvo jaden oublon yo nan Eta New York. Lè yo ap

itilize omwen twa ekta tèren oswa pi plis pou pwodwi oublon yo, fèmnye yo ka resevwa avantaj fiskal yo nan premye, dezyèm, twazyèm oswa katyèm ane pwodiksyon yo. Dokiman lwa a, ki ap rantrè an vigè imedyatman, pral bay tou yon egzansyon fiskal ki limite pou fèmnye yo ki ap retounen plante oswa elaji pwodiksyon oublon yo pou sis premye ane yo.

Aksyon sa a pral ede sektè agrikòl New York lan reponn a demann brasri fèm yo ki ap ogmante, pandan ke li ap egzije oublon ki te kiltive nan New York yo pou ka kalifye pou yon lisans brasri fèm.

### **Sipòte Kwasans Distiyri Fèm yo**

An plis, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa (A.10128A/S.7793A), pou pèmèt biznis yo ki gen yon lisans distiyri fèm jwenn kontra ak yon manm piblik lan pou pwodwi yon likè pèsonalize pou konsomasyon moun sa.

Sou lwa aktyèl lan, vinòb New York yo gen otorizasyon pou yo fabrike diven pèsonalize pou yon moun ki pa gen lisans.

Dènye mezi sa yo pral sipòte endistri bwason atizanal ki ap devlope nan eta a ak kantite fabrikasyon ki baze nan fèm yo, ki te ogmante de plis pase 160 pousan depi apre ke Gouvènè Cuomo te òganize premye Somè sou Byè, Diven, Likè ak Sidr yo (Beer, Wine Spirits and Cider Summit) an 2012. Endistri bwason atizanal New York lan te ogmante pou rive plis pase 1,000 pwodiktè, ki gen pami yo plis pase 400 fèm, mikwo brasri ak brasri restoran yo, ak 132 distiyri fèm yo - yo te ajoute 104 ladan yo depi an 2012.

Nouvo pwojè lwa sa a ap ajoute sou chanjman yo te mete sou pye depi lè ke Gouvènè a te antre an fonksyon an 2011, ki gen ladan rediksyon enpo ak montan frè yo, ki ap kreye nouvo lisans pou brasri ak sidri fèm yo, elimine règleman restriktif yo, aby sipò pou rechèch, redwi a mwaye tan li pran pou moun jwenn yon lisans, epi fè refòm lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize (Alcoholic Beverage Control Law) eta a.

**Senatè Pamela Helming te deklare,** “Antan ke Prezidan Komisyon Lejislatif sou Resous Riral yo (Legislative Commission on Rural Resources) nan Sena a, mwen te tandè divès pati ki konsène yo ki te dakò ke li vital pou nou sipòte fèmnye oublon nou yo ki ap apwovizyone engredyan ke yo te kiltive nan New York yo pou travayè brasri yo. Nou te rasanble ansanm moun ki soti nan liy pati yo pou ka fè yo adopte pwojè lwa enpòtan sa a. Pwojè lwa mwen an, konbine ansanm ak 100,000 dola adisyonèl nan finansman pou rechèch oublon ak òj Cornell lan nan bidjè ane sa a, yo se pa annavan ki enpòtan anpil ki pral ankouraje fèmnye nou yo kiltive oublon epi bay endistri bwason atizanal ki ap fleri nan Eta a resous lokal ke yo bezwen pou ka kontinye pwospere. Nan travay ansanm ak Lò Lejislatif lan ak Gouvènè an, nou te ede endistri fèmnye, alimantè, ak bwason New York yo devlope yon fason eksponansyèl epi atire vizitè yo pou ka eseye pwodwi nou yo ki ap ranpòte prim yo. Mwen remèsye Sena mwen an ak kòlèg Asanble mwen yo poutèt sipò bipatizan yo pou dokiman lwa sa, epi mwen remèsye Gouvènè a poutèt li siyen li pou vin tounen lwa”.

**Senatè David Valesky te deklare,** “Kwasans endistri bwason atizanal New York lan li irefitab, epi nan travay ansanm ak Gouvènè a, Lò Lejislatif lan te rann li posib pou

brasri, ak vinòb yo, sidri, ak distiyri yo pou eksperimente yon renesans reyèl. Dènye aksyon sa pral bay nouvell opòtinite pou distiyri fèm nou yo pou ka divèsifye pwodwi yo epi konekte ak kliyan yo ki toupatou nan Eta a epi pi lwen ankò. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt li siyen pwojè lwa sa epi mwen fyè pou mwen sipòte biznis agrikòl ak bwason atizanal nou yo”.

**Manm Asanble Carrie Woerner te deklare,** “Nan yon epòk, Eta New York te pwodwi 90 pousan oublon nan peyi a, epi endistri a kòmanse fè yon retou. Nan ane pase a sèlman, kantite brasri fèm yo te triple. Pwojè lwa sa a pral etabli jaden oublon yo kòm tèren agrikòl ki gen menm rediksyon fiskal ak vinòb yo ak jaden fwitye yo; sa ki ap pèmèt fèm lokal yo pwospere epi kontribiye nan yon sektè agrikòl ki pi djanm, pi divès pou ane ki gen pou vini yo. Mwen ta renmen bay rekonesans a angajman ak rekonesans Gouvènè Cuomo sou valè ak potansyèl kwasans endistri agrikòl nou an genyen, epi mwen remèsye li poutèt li siyen dokiman lwa sa pou vin tounen lwa”.

**Manm Asanble Robin Schimminger te deklare,** “Nouvèl lwa sa a pral pèmèt gen pi gwo parite pami endistri ki ap pwodwi alkòl ki baze nan fèm ki ap devlope nan Eta New York yo. Mwen kontan dèske Gouvènè a te siyen pwojè lwa sa pou vin tounen lwa. Lè nou bay yon distiyri fèm, kapasite pou angaje nan pwodiksyon likè pèsonalize pou yon moun ki pa gen lisans pou itilizasyon pèsònèl oswa famiyal sèlman pral pèmèt kwasans nan endistri ki te ineksplwate anvan sa a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)